

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Ayana kréativitas masarakat Sunda ngabalukarkeun datangna rupa-rupa budaya Sunda nu nyangkaruk ku ajén-inajén kahirupan manusa. Budaya Sunda mangrupa hasil tina karancagéan masarakat Sunda nu salawasna kudu dimumulé tur dijaga sangkan teu tumpur kalindih rupa-rupa kamajuan jaman. Ngariksa tur nanjeurkeun tradisi warisan karuhun urang Sunda, geus jadi pancén sakumna jalma nu hirup kumbuh di tatar Sunda.

Budaya Sunda raket pisan patalina jeung ajaran Islam. Asupna Islam ka tatar Sunda, mangaruhan kana sababaraha kabudayaan Sunda. Bisa katangén tina paripolah sapopoé, tradisi nu dipatalikeun jeung ajaran kaislaman, najan teu sagemblengna milu robah. Ieu hal katitén tina laku lampah urang Sunda dina sapopoéna nu teu leupas tina rupa-rupa ajaran kaislaman. Contona waé dina hirup kumbuh jeung papada manusa nu kudu silih mikanyaah, ngaraketkeun duduluran, tur mikawanoh jalma sabudeureunana, dipahing pisan tina sipat adigung lantaran urang Sunda katelahna jalma nu daréhdéh, soméah ka papada manusa. Hal éta luyu jeung ajaran agama Islam nu aya dina Qur'an surat Al-Hujurot ayat 10 yén papada umat Muslim téh duduluran.

Dina nepikeun informasi ka jalma lian, tangtu manusa ngagunakeun basa pikeun komunikasi sapopoé. Ku lantaran kitu, teu anéh upama basa dijadikeun hal nu pangutamana dina kahirupan manusa di alam dunya. Saperti nu nyampak dina salah sahiji paribasa: *hadé ku basa, goréng ku basa*, hartina manusa salaku mahluk sosial salawasna ngagunakeun basa minangka ébréhan rasa sangkan taya kasalahpahaman papada manusa. Ngaliwatan basa ogé, unsur-unsur éstétis dina sastra bakal kaguar tur kapanggih rupa-rupa ajén-inajén nu nyangkaruk pikeun dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Sastra dina basa Indonésia hartina 'alat pikeun ngajar, buku pituduh, buku instruksi atawa pangajaran'. Aristoteles nganggap yén sastra téh mangrupa kagiatan utama manusa pikeun néangan jati dirina, di sagigireun ngaliwatan

kegiatan séjénna saperti agama, élmu pangaweruh, jeung filsafat (Partini dina Koswara, 2011:4). Sok sanajan kacida lobana pamadegan ngeunaan tiori sastra, hal nu pangutamana nya éta milih tiori nu rék dipaké nu sakirana cocog jeung karya sastra nu rék diguar.

Salah sahiji karya sastra nu kiwari geus nyirorot di masarakat Sunda nya éta pupujian. Ditilik tina wangunna, pupujian téh kaasup kana puisi buhun nu eusina teu ngawujud lalakon. Pupujian gelar di tatar Sunda lantaran ayana pangaruh tina sastra Arab. Ilaharna, gelar di lingkungan pasantrén anu nyebarna ngaliwatan para santri jeung satuluyna ka tempat-tempat pangajian. Sumebarna sacara lisan, tatalépa ti hiji jalma ka jalma séjénna. Cara macana dikawihkeun atawa dinadomkeun. Umumna sok dibaca di lingkungan pasantrén, madrasah, atawa di acara-acara nu aya patalina jeung kaislaman.

Pupujian minangka salah sahiji titinggal karuhun Sunda, kacida pentingna pikeun dimumulé tur dijaga ku masarakat Sundana sorangan. Ayana kamekaran jaman nu ngaronjat ti waktu ka waktu, ngabalukarkeun pupujian nu hirup di masarakat saeutik-eutik tumpur. Kiwari pupujian téh geus teu dipikawanoh deui ku barudak sakola, utamana barudak nu hirupna di kota. Padahal, baheula mah pupujian téh réa pisan dinadomkeun di madrasah, masjid, atawa tempat pangajian séjénna. Malahan teu ngan saukur dinadomkeun saméméh adan wungkul, pupujian dinadomkeun ogé babarengan di sakola agama atawa dina situasi kaélmaan séjénna.

Réa pisan asumsi di masarakat anu nyebutkeun yén pangajaran pupujian dianggap énténg ku para guru nepi ka teu kudu ditepikeun deui ka barudak sakola. Malahan, teu sakabéh guru ngasupkeun kompetensi dasar pupujian dina pangajaran basa Sunda. Nilik kana éta pasualan, panalungtik boga kahayang anu kuat pikeun ngayakeun panalungtikan ngeunaan pupujian, pangpangna pupujian nu aya di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

Ieu panalungtikan ngagunakeun ulikan struktural nu leuwih nyoko kana nganalisis tur ngadéskripsikeun struktur pupujian nu geus dikumpulkeun sangkan bisa nyangking ajén-inajén nu aya dina pupujian. Struktur pupujian nu dianalisis ngawengku struktur lahir (jumlah padalisan, jumlah engang, purwakanti, jeung

gaya basa), struktur batin (eusi, téma, rasa, nada, jeung amanat), fungsi jeung basa dina pupujian. Analisis struktur pupujian ieu dipiharep bisa jadi bongbolong pikeun ngaguar karya sastra Sunda kalayan telik tur pertéla. Sarta jadi bukti nu kuat yén sastra Sunda téh nyangkaruk rupa-rupa ajén bebeneran pikeun dilarapkeun dina kahirupan manusa sapopoé.

Aya sababaraha panalungtikan ngeunaan pupujian anu geus dilaksanakeun anu dipatalikeun jeung pangajaran nya éta skripsi anu judulna:

- 1). *Adegan Puisi Pupujian di Désa Cicadas Kabupaten Purwakarta pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP* ku Rike Nurandini (2012, analisisna ngeunaan wangun, eusi, jeung unsur harti pupujian);
- 2). *Pupujian di Kampung Cikulung Désa Cijenjo Kacamatan Cileungsi Kabupatén Bogor pikeun Bahan Pangajaran di SMP* ku Dania Partika Dewi (2012, analisisna ngeunaan wangun pupujian);
- 3). *Pupujian di Kampung Manis Désa Haurkuning Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP* ku Didin Solehudin (2012, analisisna ngeunaan wangun, eusi, harti, purwakanti, fungsi, jeung basa dina pupujian);
- 4). *Pupujian di Kampung Manis Désa Garawangi Kacamatan Garawangi Kabupatén Kuningan pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Pupujian di Kelas VII SMP* ku Olivia Sandy Nakahinda (2013, analisisna ngeunaan wangun, eusi, harti, jeung fungsi pupujian);
- 5). *Pupujian di Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP Kelas VII* ku Ayi Surtani (2013, analisisna ngeunaan wangun, eusi, jeung unsur-unsur pupujian).

Tina sakitu lobana panalungtikan pupujian nu kungsi dilaksanakeun saméméhna, tacan aya panalungtikan ngeunaan pupujian di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi. Ieu panalungtikan kawilang anyar. Pangna kitu téh, ditilik tina ambahan wilayahna bakal ngainvéntarisir pupujian nu aya di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi nu saméméhna tacan aya nu nalungtik. Ieu hal kawilang pentingna lantaran nalungtik pupujian di wewengkon nu tacan kacatet saméméhna bakal nambahan invéntarisasi sastra

Ina Eka Sulastri, 2014

Adegan Pupujian Di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Di SMP (Ulukan Struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sunda utamana pupujian. Tangtuna, bakal aya bédana ti unggal wewengkon di tatar Sunda boh tina rumpakana, eusi, boh lagamna.

Sajaba ti éta, aspék ngaregepkeun pupujian kapanggih dina Kompetensi Dasar SMP kelas VII. Tangtuna, raket pisan patula-patalina ieu panalungtikan jeung éta Kompetensi Dasar téh. Dina harti, hasil pupujian nu ditalungtik téh bisa dijadikeun bahan pikeun pangajaran sastra Sunda di sakola, upamana ngeunaan pupujian.

Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan baris museurkeun panitén kana invéntarisasi pupujian tur dianalisis tina struktur lahir (jumlah padalisan, jumlah engang, purwakanti, jeung gaya basa), struktur batin (eusi saujuratna, téma, rasa, nada, jeung amanat), fungsi jeung basa dina pupujian. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “Adegan Pupujian di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP (Ulukan Struktural).”

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Luyu jeung kasang tukang, masalah nu diidéntifikasi dina ieu panalungtikan nya éta nganalisis tur ngadéskripsikeun struktur pupujian nu nu ngawengku struktur lahir (jumlah engang, jumlah padalisan, purwakanti, jeung gaya basa), struktur batin (eusi, téma, rasa, nada, jeung amanat), fungsi jeung basa dina pupujian nu aya di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Pupujian naon waé nu aya di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi?
- 2) Kumaha struktur pupujian nu kapanggih di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi?

- 3) Naha pupujian nu kapanggih di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi bisa dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah-masalah nu geus dirumuskeun, tujuan umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngawanohkeun deui sastra Sunda buhun nu masih kénéh hirup di masarakat upamana pupujian nu aya di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan, nya éta:

- 1) Ngadéskripsikeun pupujian nu aya di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi;
- 2) Ngadéskripsikeun struktur pupujian nu ngawengku struktur lahir (jumlah engang, jumlah padalisan, purwakanti, jeung gaya basa), struktur batin (eusi, téma, rasa, nada, jeung amanat), fungsi, jeung basa dina pupujian di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi;
- 3) Nyusun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang sastra Sunda buhun, utamana pupujian. Ogé bisa dijadikeun salah sahiji référénsi pikeun kaperluan-kaperluan nu aya patula-patalina jeung ieu panalungtikan utamana ngeunaan pupujian.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat sangkan pupujian nu aya di masarakat teu tumpur kalindih kamekaran jaman, ngamumulé budaya, sarta

bisa ngalarapkeun ieu pupujian dina kahirupan sapopoéna. Lian ti éta, bisa nambahan pangaweruh siswa kana widang sastra Sunda tur dijadikeun pangdeudeul pikeun ngeuyeuban matéri dina pangajaran pupujian di SMP.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina hiji panalungtikan miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkahna. Anapon raraga panulisan ieu skripsi dijéntrékeun saperti ieu di handap.

BAB I: Bubuka

Bab I mangrupa bagian awal dina nulis ieu skripsi anu eusina ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan boh anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh anu ngawengku mangpaat praktis boh mangpaat tioritis, jeung raraga panulisan skripsi.

BAB II: Strukturalisme, Pupujian, jeung Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP

Bab II ngajelaskeun rupaning tatapakan tiori nu ngawengku tiori struktural (harti jeung larapna pamarekan strukturalisme), sastra (harti, fungsi, jeung wangun), puisi (harti, struktur lahir, jeung struktur batin), pupujian (harti, sajarah, fungsi, wangun, eusi, jeung basa), jeung pangajaran ngaregepkeun (hakékat, tujuan, jeung kritéria milih bahan ajar).

BAB III: Méthode Panalungtikan

Bab III eusina mangrupa méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, kaasup sababaraha komponén, saperti: a) lokasi, populasi, jeung sampel panalungtikan; b) desain panalungtikan; c) méthode panalungtikan; d) wangenan operasional; e) instrumén panalungtikan; f) téhnik ngumpulkeun data; jeung g) analisis data.

BAB IV: Hasil Panalungtikan jeung Pedaran

Bab IV eusina mangrupa hasil panalungtikan nu ngawengku sajarah lokasi panalungtikan, kaayaan alam sacara geografis, daftar judul pupujian nu kapanggih, jeung data narasumber. Ari dina pedaran eusina ngadéskripsikeun analisis struktural 30 judul pupujian, rékapitulasi hasil analisis, jeung nyusun bahan pangajaran pupujian di SMP.

BAB V: Kacindekan jeung Saran

Bab V eusina ngadéskripsikeun kacindekan jeung saran atawa rékomendasi-rékomendasi pikeun panalungtikan saterusna. Kacindekan dina ieu panalungtikan ditulis dumasar hasil analisis struktur pupujian nu kapanggih di Désa Sirnasari Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

Saran atawa rékomendasi disusun pikeun pihak-pihak anu patali jeung hasil panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, saran ditulis pikeun masarakat salaku nu miara tur ngagunakeun pupujian, sakola salaku lembaga atikan formal, sarta panalungtik séjénna.